**दिन–सोमवार** **दिनांक–29.06.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी दू जुलाई कँ पटना मेट्रो परियोजनाक अंतर्गत मलाहीपकड़ी स्टेशन धरि मेट्रो रेलक परिचालनक घोषणा कयलनि। आइ पटना में मेट्रो परियोजनाक प्रगतिक उच्चस्तरीय समीक्षाक दरमियान मुख्यमंत्री परियोजना सँ जुड़ल अधिकारी सभ कँ निर्माण कार्य मे तेजी अनबाक संगहि प्रत्येक चरणक लेल स्पष्ट समय सीमा तय करबाक आदेश देलनि अछि।

---

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी आई एक दिवसीय दिल्ली यात्रा पर छथि। श्री चौधरी केन्द्रीय सड़क परिवहन मंत्री नितिन गडकरी सँ हुनक आवास पर भेंट कयलनि। एहि दरमियान ओ राज्य मे प्रस्तावित विभिन्न राजकीय उच्च पथ योजना, पुल निर्माण समेत कतेको परियोजना कँ लऽकऽ केन्द्रीय मंत्री सँ चर्चा कयलनि। मुख्यमंत्री कँ पार्टीक वरिष्ठ नेता सभ सँ सेहो भेंट करबाक कार्यक्रम छनि।

---

केंद्रीय खाद्य प्रसंस्करण उद्योग मंत्री चिराग पासवान कहलनि जे खाद्य प्रसंस्करण उद्योग किसान सभक आमदनी बढ़ायब, ग्रामीण अर्थव्यवस्था कँ मजबूत करब आओर युवा सभ लेल रोजगारक अवसर सृजित करबा मे महत्वपूर्ण भूमिका निभा रहल अछि। श्री पासवान महाराष्ट्रक परभणी मे एक कार्यक्रम कँ संबोधित करैत युवा सभ सँ खाद्य प्रसंस्करण उद्योग सँ जुड़बाक अपील कयलनि। ओ कहलनि जे आइ युवा सभ कँ नोकरी मंगबाक बजाय रोजगार देबय बला बनबाक चाही। श्री पासवान प्राकृतिक खेती कँ बढ़ावा देबय आओर भारतीय खाद्य उत्पाद सभ कँ वैश्विक गुणवत्ताक अनुरूप बनेबा पर सेहो जोर देलनि।

---

राष्ट्रीय सांख्यिकी दिवसक अवसर पर आइ देश–प्रदेश मे कतेको कार्यक्रम आयोजित कएल जा रहल अछि। राष्ट्रीय सांख्यिकी कार्यालयक क्षेत्रीय इकाईक दिस सँ पटनाक कर्पूरी सदन मे आयोजित विशेष कार्यक्रमक उद्‌घाटन उप महानिदेशक रौशन लाल साहू कयलनि। एहि अवसर पर अपन संबोधन मे श्री साहू कहलन्हि जे राष्ट्रीय सांख्यिकी देशक विकास मे महत्वपूर्ण भूमिका निभबैत अछि।

———————————————————————————————

राज्यक अधिकतर भाग मे मॉनसूनक सक्रियता सँ मध्यम सँ भारी वर्षा दर्ज कएल गेल अछि। मौसम विभाग अगिला तीन दिन धरि राज्यक उत्तर–पश्चिम, उत्तर–मध्य, दक्षिण–पश्चिम और दक्षिण–मध्य भाग मे कतेको स्थान पर तेज हवाक संग बर्षाक पूर्वानुमान जतौलक अछि। एहि दरमियान मधुबनी, सुपौल, बांका, बेगूसराय, भागलपुर, दरभंगा, सारण, गोपालगंज, पश्चिम चम्पारण समेत कतेको जिला मे विभिन्न स्थान पर भारी वर्षाक आशंका कँ लऽकऽ ऑरेंज अलर्ट जारी कयल गेल। एम्हर, पटना आओर लऽग–पासक क्षेत्र सभ मे सेहो भोरे सँ मेघ लागल अछि आओर रुकि–रुकि कऽ वर्षा भऽ रहल अछि।

———————————————————————————————

काल्हि सम्पन्न भेल केन्द्रीय चयन पर्षदक सिपाही भर्ती परीक्षाक दरमियान कदाचारक आरोप मे मुंगेर पुलिस द्वारा सॉल्वर गैंगक एकटा सदस्य के गिरफ्तार कयल गेल। पुलिस अधीक्षक सैयद इमरान मसूद कहलनि जे आरोपी राहुल सँ पूछताछ कएल जा रहल अछि।

———————————————————————————————

केंद्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड– सीबीएसई द्वारा आई त्रिभाषा नीति पर दिशानिर्देश जारी कयल गेल। बोर्ड द्वारा कहल गेल जे दसवीं कक्षाक वर्तमान बैच के नव भाषा नीतिक पालन नहि करय पड़त। बोर्ड द्वारा ईहो कहल गेल जे सातम, आठम आओर नवम कक्षा मे पढ़ि रहल वर्तमान बैचक छात्र सब के सेहो दसवीं कक्षा मे पहुँचलाह पर तेसर भाषा मे बोर्ड परीक्षा देबाक आवश्यकता नहि अछि। बोर्ड कहलक जे कक्षाक अनुरूप संसाधन सामग्री समय सँ उपलब्ध करा देल जाएत।

---

नीट–यूजी परीक्षाक प्रश्नपत्र लीक मामिला मे दिल्लीक एकटा अदालत केंद्रीय अन्वेषण ब्यूरो–सीबीआइ जांचक अंतर्गत दस टा आरोपी कैँ न्यायिक हिरासत एगाहर जुलाई धरि बढ़ा देने अछि।

---

शिवहर जिलाक तरियानी छपरा थाना क्षेत्रक अंतर्गत छपरा–सिरहा टोला मे सिलेंडर विस्फोटक घटना मे चारि गोटेक गंभीर रूप सं झुलसि गेलथि। एम्हर, पटनाक दीदारगंज थाना क्षेत्रक अंतर्गत करमलीचक स्थित एकटा वेयरहाउस में आइ भोरे आगि लगबाक घटना मे पचास लाख टका सँ बेसीक संपत्ति जरि कऽ नष्ट भऽ गेल।

---

समाप्त भेल